

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil jeung pedaran dina ieu panalungtikan anu judulna “Édisi Téks Wawacan Pulan Palin (Ulikan Filologi)”, dicangking sababaraha kacindekan anu dipedar ieu di handap.

- 1) Aya salapan téks naskah anu kapanggih tina katalog naskah jeung ti koléktor naskah. Éta naskah-naskah téh dingaranan maké aksara kapital Latén, nyaéta naskah A, B, C, D, E, F, G, H, jeung I. Tina éta salapan téks naskah, ngan ukur naskah A, B, jeung C anu bisa dipidangkeun hasil transliterasina. Dina transliterasi naskah WPP, digunakeun dua sistem atawa padoman transliterasi dumasar kana basa anu digunakeun dina ieu naskah. Anu kahiji nyaéta sistem transliterasi aksara Arab pikeun naskah Sunda dumasar kana padoman dina Ruhaliyah (2012, kc. 21-25). Anu kadua nyaéta sistem transliterasi aksara Arab pikeun téks anu ngagunakeun basa Arab tina padoman transliterasi dumasar kana *Keputusan Bersama Menteri Agama RI & Menteri Pendidikan dan Kebudayaan* (1987) nomer 0534b/U/1987. Di antara dua padoman anu dipaké téh miboga bébédaan, nyaéta dina (a) jumlah vokalisasi anu digunakeun, (b) sababaraha konsonan jeung tata tulisna, (c) tata cara dina nuliskeun *maddah*, jeung (d) tata cara dina nuliskeun tasjid.
- 2) Pikeun nyangking naskah anu baris dijadikeun naskah dadasar (landasan) dina nyusun édisi téks, dilakukeun babandingan téks naskahna leuwih tiheula. Anu dibandingkeunana nyaéta (a) unsur carita tina jihat galur, tokoh, jeung latar; (b) digunakeunana pupuh; sarta (c) kasalahan salinan naskah anu ngawengku *lakuna*, *ditografi*, *adisi*, *transposisi*, *substitusi*, jeung *nonmekanis*. Jenis kasalahan anu panglobana aya dina tilu naskahna nyaéta kasalahan *nonmekanis* anu mangrupa bagantina kecap ku kecap anu séjén anu dikira-kira salaku kasalahan anu dihaja. Hartina, nu nyalin naskah miboga kabébasan dina prosés nyalin naskahna dumasar kana pangaweruh jeung kahayangna.
- 3) Téks anu dijadikeun bahan babandingan antara naskah A, B, jeung C téh teu sarua kabéh. Sok sanajan naskah A téh lolobana dibandingkeun jeung naskah

C, tapi aya sababaraha pada dina pupuh I jeung XI anu dibandingkeun jeung naskah B. Salian ti éta, dina pupuh XIV jeung XV, naskah A teu dibandingkeun jeung naskah B atawa C. Lantaran, di antara dua naskahna euweuh téks pupuh anu sarua jeung naskah A. Ieu hal ngagambarkeun yén anu nyalin téh henteu ngagunakeun hiji naskah pikeun kaperluan nulisna, tapi dicokot tina sababaraha naskah. Ieu naskah ogé kaasup kana naskah *profan* atawa teu dianggap sakral lantaran aya kabébasan dina nyalin naskahna. Dumasar kana hasil babandingan, ieu tilu naskah anu aya téh kabagi kana dua subkelompok (X jeung Y) anu asalna tina naskah hiparketip kelompok α .

- 4) Édisi téks WPP anu dipidangkeun téh mangrupa hasil tina babandingan tilu naskah WPP anu ditalungtik. Dina nyusun édisi téks dignakeun métodeu édisi téks jamak kalawan édisi *landasan*. Naskah A dianggap panghadéna sarta dijadikeun dadasar (induk/landasan) pikeun nyusun édisi, sedengkeun naskah B jeung C digunakeun pikeun ngalengkepan téks sarta kateranganana ditulis dina aparat kritik. Dina ieu édisi téks teu maké nomer kaca naskah, lantaran aya sababaraha pada anu ditambahan. Di jero édisi téks maké nomer pupuh, nomer pada, jeung nomer aparat kritik. Édisi téks WPP dibarung ku aparat kritik nyaéta pikeun midangkeun *varian* anu aya dina tilu naskah suntingan. Anapon hasil édisi téksna dianggap salaku téks anu pangdeukeutna jeung naskah asli.

5.2 Implikasi

Implikasi tina ieu panalungtikan ngawengku tilu aspék, nyaéta tina aspék tioritis, praktis, jeung kawijakan. Anapon implikasina dijéntrékeun ieu di handap.

5.2.1 Implikasi Tioritis

Hasil édisi téks tina ieu naskah bisa méré pangaweruh jeung pamahaman ka masarakat anu can bisa maca tulisan Arab Pégon, sangkan bisa mikanyaho kana eusi ieu naskah. Di sagigireun éta hal, hasil déskripsi, transliterasi, babandingan téks, jeung édisi téks naskah WPP ogé pikeun ngeuyeuban kasusastraan Sunda, hususna dina wanda puisi wawacan anu ngagunakeun ugeran pupuh dina midangkeun karya sastrana.

5.2.2 Implikasi Praktis

Sacara gurat badag, ieu naskah WPP téh eusina ngeunaan ajaran tasaup atawa élmu tarékat. Ku kituna, eusi tina ieu naskah téh bisa dipaké pikeun pangdeudeul dina neuleuman élmu tarékat, hususna di pasantrén. Tapi, perlu ditengenan deui yén ieu naskah téh mangrupa karya sastra anu eusi ajaranana henteu ditepikeun saceplakna, tapi ngaliwatan panca curiga téa. Saupama ieu naskah dipaké pikeun ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan élmu tarékat, mangka kudu diaping ku guru anu geus loba pangaweruh jeung pangalamanana. Kitu sotéh lantaran inggis ku bisi, palaur bengkung bekas nyalahan, sok sieun aya kasalahan dina maham eusina.

5.2.3 Implikasi Kawijakan

Dumasar kana *Undang-undang Republik Indonesia Nomor 7 Tahun 2017* ngeunaan *pemajuan kebudayaan*, dina pasal 5 disebutkeun yén naskah (manuskrip) téh mangrupa salasihiji objék *pemajuan kebudayaan* nomer 2. Ieu objék téh salaku unsur kabudayaan anu jadi udagan utama dina tarékah ngamekarkeun kabudayaan anu aya di Indonésia (Menteri Hukum dan HAM RI, 2017). Ku kituna, hasil tina ieu panalungtikan téh minangka salasihiji tarékah anu dilakukeun pikeun ngaraksa tur ngariksa kabudayaan Sunda, malah béh dituna mah kabudayaan Indonésia, dina raraga ngalarapkeun undang-undang di luhur. Di sagigireun éta hal, ieu panalungtikan ogé minangka ciri pikeun némbongkeun ka masarakat sakuliah dunya, yén urang Indonésia, hususna urang Sunda, miboga kabudayaan anu beunghar tur luhung ajénna.

5.3 Rékoméndasi

Ku ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh kana salasihiji wanda sastra jeung paélmuan Sunda, hususna dina widang puisi wawacan jeung paélmuan filologi. Aya sababaraha rékoméndasi anu ditujukeun keur sababaraha pihak, nyaéta ieu di handap.

- 1) Pikeun mahasiswa program studi Pendidikan Bahasa Sunda, ieu panalungtikan téh minangka léngkah mimiti dina maluruh naskah WPP. Ari filologi mah ngadadasaran panalungtikan-panalungtikan nu séjén. Lantaran, téks anu can ditalungtik sacara filologi mah masih kénéh jadi bahan atah. Sedengkeun anu geus ditalungtik sacara teleb ngaliwatan filologi mah éta téks téh jadi bahan

anu oténtik pikeun dipaluruh leuwih teleb deui ku paélmuan anu séjén. Ku kituna, ieu téks WPP téh bisa ditalungtik ngaliwatan paélmuan anu séjén minangka lajuning laku tina ieu panalungtikan. Di sagigireun éta hal, ieu panalungtikan ogé bisa dijadikeun rujukan dina panalungtikan-panalungtikan anu sarupa.

- 2) Pikeun masarakat, dipiharep kudu bisa leuwih ngajaga jeung ngariksa kana barang budaya titinggal karuhun, saperti naskah. Eusi naskah téh tangtuna euyeub pisan ku pangaweruh jeung ajén-inajén anu bisa mangpaat keur urang dina mangsa kiwari, sok sanajan ngan ukur ngaca tina mangsa anu geus kaliwat. Ku kituna, pikeun masarakat anu masih kénéh miboga naskah-naskah Sunda kuna, dipiharep sangkan bisa ngajaga tur ngariksana. Atuh, pikeun masarakat anu teu miboga naskah, tapi miboga raga katineung anu gedé pikeun kamekaran naskah-naskah Sunda kuna, mugia sing junun, kukuh, tur ajeg dina tangtunganana, sangkan naskah-naskah Sunda téh teu laas balas ku katigas mangsa.